



# Kijan pou Fè yon rapò sou asèlman, diskriminasyon, oswa entimidasyon nan espas travay ou

Si ou viktim de yon konduit ki selon ou menm vyole Règleman sou asèlman seksyèl oswa politik diskriminasyon, asèlman ak entimidasyon nan espas travay, li enpòtan pou adrese sitiyasyon an byen rapid epi chèche ki kalite èd ki apwopriye ak li. Sa ki enpòtan an se ke ou jwenn èd ou bezwen asire ke konpòtman an sispann epi yo pa repete, epi, si sa apwopriye, pou inivèsite a pran mezi ofisyèl. Si ou kwè ke ou te fè eksperyans asèlman seksyèl, diskriminasyon oswa entimidasyon, asèlman nan espas travay, nan kad travay ou nan Bentley, gen plizyè opsyon ki disponib pou ou.

## Ak kisa pwosedi sa yo aplike?

Pwosedi ki endike anba a aplike nan rapò entèn sou arasman seksyèl, diskriminasyon nan espas travay, asèlman, ak entimidasyon. Si ou vle ranpli yon rapò ekstèn sou diskriminasyon oswa asèlman nan yon ajans gouvènman, tanpri al gade enfòmasyon kontak yo nan Politik nou sou Asèlman Seksyèl ak Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon nan espas travay.

Pwosedi sa yo pa aplike nan enkyetid sou randevou fakilte yo, evalyasyon, pwomosyon, desizyon titilarize, oswa revokasyon, ki ta dwe evoke bo kot Prezidan oswa Dwayen. Pwosedi sa yo pa aplike nan enkyetid ki konsène nominasyon yo, evalyasyon, pwomosyon, desizyon titilarize, oswa revokasyon, ki ta dwe evoke bò kot Prezidan oswa Dwayen. Sepandan, pwosedi sa yo ta aplike si yon anlwaye kwè ke aksyon travay sa yo vyole Politik nou sou Asèlman Seksyèl ak Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon nan espas travay.

Si enkyetid ou gen rapò ak kondwit yon elèv, epi pwoblèm nan pa rezoud dirèkteman avèk elèv la, ou ta dwe chèche asistans nan men Kowòdonatè Tit IX la.

## I. REZOLISYON ENFOMÈL - Asèlman Seksyèl, Diskriminasyon, Asèlman, ak Entimidasyon nan espas Travay

Politik sou Asèlman, ak Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon nan espas Travay dekri plizyè opsyon enfòmèl pou anlwaye yo. Youn nan opsyon se ranpli Rapò sou asèlman seksyèl oswa diskriminasyon nan espas travay, asèlman, oswa fòm entimidasyon epi endike ke ou ta renmen asistans pou yon *rezolasyon enfòmèl* sou konduit lan. Soumèt fòm lan nan imèl bay Vis Prezidan ak Direktè Resous Imèn, [cangiano@bentley.edu](mailto:cangiano@bentley.edu). Yon fwa yo soumèt fòm nan, yon manm nan Resous Imèn pral pran kontak ak ou pou diskite ave'w sou pwosesis la.

## II. ENVESTIGASYON FÒMÈL - Asèlman ak diskriminasyon (entimidasyon pa ladann)

Pou mande yon ankèt fòmèl sou asèlman oswa diskriminasyon, ranpli Rapò sou asèlman seksyèl oswa diskriminasyon nan espas travay, asèlman oswa entimidasyon, endike ke ou vle pouswiv yon ankèt fòmèl, ak soumèt fòm lan nan imèl bay Vis Prezidan ak Direktè Resous Imèn, [cangiano@bentley.edu](mailto:cangiano@bentley.edu). Si rapò a konsène yon moun nan Resous Imèn oswa yon manm nan kabinè, ou ka ranpli rapò a nan EthicsPoint.

### A. Yon fwa yo fè yon demann pou yon ankèt fòmèl

Yon fwa Resous Imèn resevwa yon demann pou yon ankèt fòmèl, pwosedi sa yo ap aplike:

1. Yon panèl ankèt ("panèl") pral gen pou konvoke. Panèl la ap konpoze de Vis Prezidan an, Resous Imèn / Ofisyè EEO oswa reprezantan yo; yon manm kabinè oswa reprezantan yo; ak yon twazyèm manm ke de lòt manm yo chwazi. Okenn nan manm panèl yo p ap soti nan divizyon kote travay moun ki te ranpli rapò a ("Pati Rapò") oswa moun ki swadizan te angaje nan diskriminasyon oswa asèlman ("Pati ki reponn"). Nenpòt pati ka soulve nenpòt enkyetid yo ka genyen konsènan yon posib konfli enterè ak nenpòt nan manm nan panèl yo chwazi a. Si de lòt manm yo nan panèl la dakò ke yon konfli enterè egziste, yo pral chwazi yon nouvo twazyèm manm.
2. Panèl la pral revize rapò a epi detèmine si yo dwe fè yon ankèt yo menm oswa fe apèl sèvis yo nan yon anketè ekstèn.
3. Panèl la pral notifiye Pati ki reponn lan sou Rapò a. Yon manm nan panèl la pral rankontre avèk Pati k'ap Reponn la pou revize Rapò a, eksplike pwosedi ki pral swiv la, epi enfòme Pati k'ap Reponn lan sou entèdiksyon kont vanjans ak bezwen konfidansyalite. Pati ki reponn lan ka soumèt yon deklarasyon alekri konsènan kondwit swadizan an, si yo vle.
4. Pandan tout ankèt la, swa Pati Rapòte a oswa Pati ki reponn la ka gen yon moun pou sipòte yo. Yon moun k'ap sipòte ka nenpòt moun pati a chwazi epi li pa bezwen afilye ak inivèsite a (sètadi, yon zanmi, yon manm fanmi, yon moun ki soti nan yon sipò oswa ajans avoka). Yon moun k'ap sipòte ka prezan pandan nenpòt pati nan pwosesis ankèt ak revizyon an, men li pa ka patisipe nan pwosesis la epi, e anplis, li pa kapab yon temwen akizasyon nan rapò a. Yon moun k'ap sipòte dwe dakò kenbe konfidansyalite nan pwosesis la epi yo pral tou siyen yon akò konfidansyalite.

### B. Si ankèt la pral fèt nan entèn la

Si panèl la deside mennen ankèt la yo menm, pwosedi sa yo ap aplike:

1. Pati k'ap Rapòte a ak Pati k'ap Reponn lan ka idantifye nenpòt temwen oswa lòt moun yo ta renmen fè entèvyou, oswa bay nenpòt materyèl yo ta renmen revize.
2. Panèl la pral rankontre apa Pati k'ap Rapò a ak Pati k'ap Reponn lan pou diskite sou rapò a.
3. Panèl la pral fè entèvyou ak nenpòt temwen oswa lòt moun, selon diskresyon panèl la.
4. Panèl la ap revize nenpòt dokiman, komunikasyon oswa lòt materyèl yo konsidere ki enpòtan, selon diskresyon panèl la.
5. Panèl la ap detèmine si wi ou non gen yon vyolasyon de Politik sou Asèlman, ak Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon nan espas Travay sa yo. Si panèl la detèmine ke yon vyolasyon rive, li pral deside tou ki aksyon oswa sanksyon, si genyen, ki apwopriye. Aksyon an oswa sanksyon yo pral deside nan konjonksyon

avèk Resous Imèn, toutotan Pati k'ap reponn lan se pa yon anplwaye nan Resous Imèn.

6. Panèl la ap bay yon desizyon ekri, ki li pral kominike ak tou de pati yo. Yon manm panèl la ap rankontre avèk chak pati pou enfòmasyon yo sou desizyon panèl la.
7. Panèl la ap detèmine si wi ou non gen yon vyolasyon de Politik sou Asèlman Seksyèl Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon nan espas Travay sa yo. Desizyon ekri sa pral plase nan dosye pèsonèl Resous Imèn Pati k'ap Reponn lan. Resous Imèn ap kenbe dokiman ki gen rapò ak ankèt la.

### **C. Si se yon anketè ekstèn ki pral ankete sou dosye a**

Si panèl la deside bay ankèt la ak yo anketè, pwosedi sa yo pral aplike:

1. Pati k'ap Rapòte a ak Pati k'ap reponn lan pral avize sou desizyon panèl la pou itilize yon anketè ekstèn, rezon ki fè desizyon sa pran, ak idantite anketè ekstèn lan. Si youn nan pati pa dakò ak anketè yo pran a, panèl la pral deside chwazi yon lòt anketè.
2. Anketè a ap detèmine kijan ankèt la ap fèt, ki jeneralman ap gen ladan etap 1 jiska 4 ki endike nan Seksyon B pi wo a pou yon ankèt entèn yo.
3. Anketè a ap bay yon rapò ekri bay panèl la ki gen ladan yon konklizyon faktyèl ak rekòmandasyon.
4. Panèl la ap detèmine si wi ou non gen yon vyolasyon de Politik sou Asèlman, ak Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon nan espas Travay sa yo. Si panèl la detèmine ke yon vyolasyon rive, li pral deside tou ki aksyon oswa sanksyon, si genyen, ki apwopriye. Aksyon an oswa sanksyon yo pral deside nan konjonksyon avèk Resous Imèn, toutotan Pati k'ap reponn lan se pa yon anplwaye nan Resous Imèn.
5. Panèl la ap bay yon desizyon ekri, ki li pral kominike ak tou de pati yo. Yon manm panèl la ap rankontre avèk chak pati pou enfòmasyon yo sou desizyon panèl la.
6. Panèl la ap detèmine si wi ou non gen yon vyolasyon de Politik sou Asèlman Seksyèl Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon nan espas Travay sa yo. Desizyon ekri sa pral plase nan dosye pèsonèl Resous Imèn Pati k'ap Reponn lan. Resous Imèn ap kenbe dokiman ki gen rapò ak ankèt la.

### **D. Delè**

Kit ankèt la ap fèt pa panèl la oswa yon anketè ekstèn, ankèt la ap fèt ak konkli rapid ke posib; sepandan, tan an egzak pral depann de disponiblite pati yo, temwen, manm panèl, ak anketè ekstèn lan,

### **E. Apèl**

Tou de Pati k'ap Rapòte ak Pati k'ap reponn ka fè apèl kont desizyon panèl la. Gen de rezon pou yo fè apèl desizyon:

1. Èrè Pwosedi: Pati ki fè apèl la pretann ke te gen yon devyasyon materyèl oswa chanjman enpòtan nan pwosedi ki endike anwo a ki yon move enpak sou rezilta afè.
2. Nouvo Prèv: Pati ki fè apèl pretann ke, apre yo fin bay desizyon an nan panèl la, nouvo prèv te vin disponib ki ta afekte rezilta a nan desizyon an. Pati apèl la dwe:

(i) prezante nouvo prèv la; (ii) montre poukisa li pa't disponib anvan desizyon an; ak (iii) montre ke nouvo prèv la ka chanje rezilta desizyon an.

Lòt rezon pou apèl pa otorize.

Ou dwe fè yon apèl alekri epi voye li nan imèl bay Vis Prezidan ak Direktè Resous Imèn, [gchangiano@bentley.edu](mailto:gchangiano@bentley.edu) nan lespas sèt (7) jou kalandriye lè yo te bay desizyon panèl la bay pati apèl la. Pati opoze a pral avize si yon apèl te depoze epi y'ap gen okazyon pou konteste deklarasyon yo te fè pa pati ki te fè apèl la.

Yon anplwaye oswa plizyè pral revize Apèl la san patipri ki pat fe pati panèl la ("revizè a"). Lè egzamen apèl la, egzamenatè pral resevwa yon premye rapò a, tout dokiman ke panèl la revize oswa anketè ekstèn (si yo itilize), rapò anketè ekstèn lan (si genyen), desizyon panèl la, ak nenpòt deklarasyon ekri pa Pati k'ap Rapòte a oswa Pati k'ap Reponn. Si revizyon an detèmine ke youn nan de rezon pou apèl la egziste, yo pral remèt pwoblèm lan bay panèl la pou plis revizyon. Si yo te itilize yon anketè ekstèn, panèl la ka chwazi voye ka a tounen bay moun sa pou plis travay.

Si tou de pati yo fè yon apèl, revizè a ap konsidere ak revize tou de apèl yo ansanm.

## **Lòt Zafè Yo**

### **A. Konsilyasyon / Règleman**

Pouswit yon ankèt fòmèl pa entèdi ak Pati k'ap Rapòte ak Pati k'ap reponn lan pou yo rive ak yon diferan konpwomi mityèl ki akseptab nan fen pwosesis rapò fòmèl. Konsèy yo dwe rapòte bay Vis Prezidan an ak Direktè Resous Imèn pa pati yo.

### **B. Konfidansyalite**

Y ap fè tout efò rezonab pou pwoteje vi prive ak konfidans tout pati yo, nan respè ak sou rezèv bezwen Bentley pou mennen ankèt sou rapò a ak / oswa aplike nenpòt rezolisyon oswa aksyon disiplinè.

Manm Kabine yo : Prezidan, Dwayen ak Vis Prezidan pou Zafè Akademik, Vis Prezidan pou Zafè Elèv ak Dwayen Etidyan yo, Vis Prezidan ak Direktè Finansye / Trezorye, Vis Prezidan pou avans fon Inivèsite, Vis Prezidan ak Direkte Resous Imèn, Vis Prezidan pou Jesyon Enskripsyon, Vis Prezidan pou Maketin ak Kominikasyon, Direktè Anplwaye ak Direktè Egzekitif devlopman Dirab, Vis Prezidan ak Ofisye Chèf Divèsite ak Enklizyon, Vis Prezidan / Avoka Jeneral ak Sekretè Kòporasyon an, ak Vis Prezidan ak Direktè Enfòmasyon.